

Enstriksyon pou Kolonoskopi

Preparasyon Suprep

7 JOUR ANVAN TÈS LA

- **PA PRAN:** Medikaman kont enflamasyon non-esteroyidal, pami yo Ibipwofèn, Motrin, Advil, Naproxen, Aleve, Naprosyn, Meloxicam, ak anpil lòt
- Ou ka pran Tylenol (ki se asetaminofèn) pou doulè
- Kèk kondisyon sante mande pou ou kontinye pran Aspirin. Pa kanpe sou Aspirin nan toutotan ou pa pale avèk prestatè swen lasante w la.



3 JOUR ANVAN TÈS LA

Sispann manje manje ki gen anpil fib, tankou mayi, ariko, grenn, nwa, pen ak baz sereyal konplè, oswa po fwi (pèch, pòm, elatriye)



2 JOUR ANVAN TÈS LA

- Pran Dulcolax (Bisacodyl) 10 mg nan maten ak Dulcolax 10 mg nan aswè
- Pran yon ti dine lejè anvan 7 è nan aswè

1 JOUR ANVAN TÈS LA

- **Kòmanse yon rejim likid klè – yon likid klè vle di ou kapab wè atravè li. Pa manje anyen ki solid pandan tout jounen an**
- Pran Dulcolax (Bisacodyl) 10 mg nan maten ak Dulcolax 10 mg nan aswè

Likid Klè yo	Likid ki Pa Klè yo
Dlo, Gatorade, Powerade, oswa Pedialyte	Pa pran bagay ki wouj oswa vyolè
Kafe nwa oswa te (san lèt, krèm)	Pa pran alkòl
Bouyon klè	Pa pran lèt, krèm, lòt pwodui ki gen lèt
Ginger ale oswa Sprite	Pa pran nouy, diri, oswa legim nan soup
Ji pòm	Pa pran ji ak chè fwi a ladan
Jell-o, krèm glase	Pa pran likid ou pa kapab wè atravè li

Rejim Dòz Fraksyone (2 jou) yo rekòmande pou granmoun yo genyen 2 dòz 6 ons SUPREP Bowel Prep Kit: premye dòz la nan aswè anvan kolonoskopi a epi dezyèm dòz la nan jou apre a, nan maten kolonoskopi a. Chak dòz genyen yon boutèy SUPREP Bowel Prep Kit avèk dlo anplis. Volim total likid ki nesesè pou netwayaj gwo entesten an (avèk 2 boutèy) se 3 ka.

- **Dòz 1 – Nan aswè anvan pwosedi a, vide kontni yon boutèy SUPREP Bowel Prep Kit nan resipyan mikse yo ba ou a. Ajoute dlo potab fre rive nan liy 16 ons resipyan an, mikse, epi bwè tout.**
- **Bwè 2 lòt resipyan plen ankò plen dlo ki rive nan liy 16 ons lan nan èdtan annapre a.**

NAN JOU KOLONOSKOPI A

- **Dòz 2 – Nan maten (ant 10 ak 12 èdtan apre dòz aswè a) nan jou pwosedi a, vide kontni dezyèm boutèy SUPREP Bowel Prep Kit la nan resipyan mikse yo ba ou a. Ajoute dlo potab fre rive nan liy 16 ons resipyan an, mikse, epi bwè tout.**
- **Bwè 2 lòt resipyan plen dlo ki rive nan liy 16 ons lan nan èdtan annapre a. Prepare tout solisyon SUPREP Bowel Prep Kit ak dlo yo egzije a omwen 3 èdtan anvan kolonoskopi a.**
- Nan maten tè s la, ou kapab pran lòt medikaman ou yo nan lè abityèl ou avèk **yon ti gout dlo sèlman**. Tankou konprime pou tansyon, medikaman pou kriz epilepsi, medikaman pou kè, medikaman pou tiwoyid, elatriye.
- **Pa** pran medikaman pou dyabèt. Si ou gen dyabèt, tanpri, swiv dokiman preparasyon kolonoskopi pou moun ki gen dyabèt yo
- **Pa bwè anyen pandan 3 èdtan anvan tè s la**